

Lavi Abraham Lincoln



Nan tan esklav nan Kentucky, fon nan dezè a, yon jèn ti gason ki relè Abraham te aprann laches. Li te konn toujou al lachas pou rezen ak nwa, konsa tou li te konn peche pwason.

Manman l te vin mouri lè l te gen nevan. Chans pou li, li te jwenn yon bon bèlmè ki te fè kè l kontan anpil; li te ankouraje l pou l aprann li ak ekri.

Yon bon jou konsa fanmi lan te deplase nan Indiana. Abraham te pase yon ti kras tan lekòl, men li te renmen eksprime l menm jan ak papa l kite yon tirè d kont. Li mete liv andedan chemiz li. Abraham li liv yo anpil fwa, li te vin konnen yo pa kè.


Yo te deplase yon lòt fwa ankò, al nan New Salem, yon ti bouk nan Illinois. Ti gason an te vin yon nonm kounye a. Li transpòte moun ak machandiz sou ti bato k ap desann Ohio ak rivyè Mississippi.

Li te gen chans koute chasè ki t ap bay kont sou yon sòlda: «mwatye moun, mwatye Kayiman»; te gen maren tou k ap dekri gwo moustik ki ka touye moun.

Li tande avoka di kijan yo te konn sèvi ak pawòl selèb pou yo jwenn jistis pou moun òdinè. Li tande pastè site nan Bib la: «Yon kay divize kont tèt li pa ka kanpe». Li kenbe diferan vwa sa yo nan kè l.

Lincoln te pran Rivyè Mississippi, kite long epi kite chaje ak labou, sòti depi nan sid pou rive nan New Orleans.

Le li rive New Orleans, li wè gason ak fanm abiyè anpenpan, k ap manje bon ti manje epi k ap bwè bon diven. Mo Franse, Panyòl, ak Angle plen zòrèy li. Men, gen yon bagay lèd ki retire kontantman li te genyen.



Douz nwa chennen ansanm tankou anpil pwason sou yon liy. Yo te separe tout yon fanmi (papa, manman, frè ak, sè) voye yo nan esklavaj.

Lincoln te travay anpil. Li fè travay jaden, pwopriyetè magazen, ak apantè.

Kèlkeswa kote l ye, kèlkeswa sa l ap fè, li te toujou gen yon liv nan men l: Diksyonè, liv gramè, matematik, biyografi, istwa, pwezi, pyès teyat.

Amerik t ap grandi; kiltivatè yo bezwen nouvo tren pou transpòte rekòt yo. Tout moun bezwen pi bon edikasyon. Abraham

te vin yon lejislatè, li te kapab ede moun jwenn bagay sa yo, se konsa li te poze kandida pou li vin yon depite nan Illinois. Li te pèdi eleksyon an. Moun te renmen sa li te di ak ki jan li te di l.

Abraham ale nan eleksyon ankò, fwa sa a, li te genyen. L ale nan eleksyon twa fwa après a ankò epi li te kontinye ap genyen.

Li te vin yon avoka. Kliyan li t ap fè lwanj kijan li te onèt li pa janm bay manti.

Prèske kat milyon gason nwa, fanm ak timoun te esklav nan eta sid yo. Lincoln te panse esklavaj se te yon gwo mal.

Nan diskou aprè diskou, li fè moun sonje esklavaj pa t mache ak ide nan Deklarasyon Endependans lan.

Li te pèdi eleksyon an. Men, pawòl li te resevwa anpil atansyon. Moun te santi pawòl li yo sòti nan kè l.

Nan de ane kap vini yo, **tansyon** nan kesyon esklavaj la te grandi ant Sid ak Nò. Lincoln poze kandida pou prezidan epi li pale kont pratik sa a. Li te genyen eleksyon sa a.

12 avril 1861, twoup Sid atake Fò Sumter, yon Fò federal nan Kawolin Sid. Anpil moun nò te enkyete. Yo t ap di Lincoln pat konpetan ase pou dirije peyi a nan tan tèrib sa. Yo menm di:

«Li pa prezidansyèl.»

«Li di twòp blag nyè.»

«Li pa gen ase eksperyans nan gouvènman an.»

Lincoln te kwè libète tout bon pa t kapab pèmèt esklavaj. Li deside pou li sèvi ak pouvwa kòmandan an chèf li a pou l mete fen nan esklavaj.

Nan twazyèm ane lagè a, li te bay **Pwoklamasyon** Emansipasyon an. Li libere pase twa milyon moun nwa, fanm ak timoun li di pou moun nwa yo antre nan inyon lame a.

Pifò blan yo te **opoze** pwoklamasyon Lincoln lan, men, li te kanpe fèm.



Lagè a te trennen anpil. Lincoln te vin tris lè li wè plis Ameriken k ap mouri. Li te ale nan chan batay Gettysburg epi li fè nasyon an sonje pou kisa moun sa yo te sakrifye lavi yo.

Pwoklamasyon Emansipasyon an te libere esklav sèlman nan eta yo ak teritwa ki te nan rebelyon. Lincoln te vle esklavaj fini nan peyi a tout antye. Pifò lejislatè blan yo pa t vle sa a. Li te rele yo nan Mezon Blanch pou konvenk yo. Finalman, yo te dakò.

Nan katyèm ane lagè a, viktwa te pou Nò. Men, Lincoln pa gen okenn kè kontan. Santèn ak milye moun te mouri nan lagè a. Peyi a te pwofondman divize. Anpil moun Nò yo te vle pini Sid la pou kòmanse lagè a. Moun Sid yo te fache akòz inyon lame a te detwi lavil yo, kay yo ak pwodi rekòt yo.

Nan dezyèm inogirasyon an, Lincoln **adrese** devan pèp la. Li pataje vizyon li ak yo. Li eksplike kijan peyi akapab geri tèt li

Travay pou geri nasyon an te kòmanse. Men, Lincoln pat la pou bay èd li. Yon asasen te fini ak lavi l

Aktivite

Fè mo vokabilè yo travay:

pwoklamasyon

opoze

tansyon

adrese

divize

kontantman

kiltivatè

Reponn kesyon yo dapre sa w li nan tèks la:

1. Poukisa Lincoln mete liv andedan chemiz li?

1. Poukisa Lincoln te pibliye Pwoklamasyon Emansipasyon an?

2. Ki sa ki pwen esansèl Lincoln sou lavi esklavaj?

3. Kesyon Esansyèl: Kouman pawòl selèb Abraham Lincoln yo te rive mennen chanjman?
